

Cerita Rakyat Bahasa Jawa Malin Kundang

Ana kasebuta siji keluarga sing urip mlarat saka embok lan anake sing duwe jeneng malin kundang. Amergo bapake wis tilar, si embok kudu tandhang gawe dhewe kanggo bisa nguripi keluargane.

Malin Kundang yaiku anak sing pinter ning sethitik mbeling. Pas dheweke wes gedhe, malin rumangsa mesakne marang si emboke sing saseprana tandhang gawe kanggo nguripi dheweke. Banjur malin pamitan kanggo maran nggolek pegawean neng kutho gedhe.

“ Mbok, aku kepingin lunga menyang kutha gedhe. Aku pengen kerja supoyo bisa bantu embok neng kene.” Tembung malin. “Aja tinggalake si mbok dhewe le, simbok mung duwe awakmu neng kene.” Jawabe simbok nolak.

“Izinke aku lunga tho mbok, aku mesakne ndeleng si mbok terus tandhang gawe saprene.” Tembung malin. “ Yo wis le, ning eling ya le ! ojek lalekne si mbok lan desa iki pas koe sukses neng kana.” Kanda si mbok karo nangis.

Esuke malin budhal lunga menyang kutha gedhe nggunakne sawijining kapal. Sakwise pirang-pirang taun suwene tandhang gawe, Malin kedadeyan neng kutha paranane. Malin kundang saiki dadi wong sugih lan nduweni akeh kapal dagang. Dheweke uga wes rabi karo wedok ayu nek kana.

Kabar babagan malin kundang ding dadi wong sugih nganti menyang simbok. Si mbok seneng banget ra karuan krungu warta kui. Dheweke sanuli nunggu neng pantai sabendina, ngarep-arep anake bali lan ngalungguhan drajat mboke. Nanging malin ora tau teka.

Sawijining dina, bojone malin pitakon ngenani emboke malin lan pengen ketemu. Malin kundang ora isa nolak kekarapan bojo seng didemenane banget kuwi. Malin njagakne saben dalanane kasebut marang desane nggunakne siji kapale kang gedhe lan apik banget.

Akhire malin kundang teka menyang desane karo garwa lan anak buahe. Krungu keteken malin, si embok rumangsa bungah banget. Si embok mlayu menyang pantai kanggo cepet ndeleng anak sing didemenane balik.

"Apa kuwi kowe le Malin, Anakku ?? Iki si embok le, kowe eling" pitakone simbok.

" Malin anakku, kenopo kok lungo suwe tanpa ngirim warta ?" tureen karo ngekep malin kundang.

Si garwane malin kaget ndeleng wong wadon tuwa, mambu, kucel sing memeluk bojone. "Malin, wong wedok tuwa, mambu, kucel iki yaiku embokmu , malin ?" celathu bojoe malin.

Amargo rasa isin, malin kundang cucul kekepane siemboke lan nyurung nganti tibo nang ngisor. "aku ora kenal kowe, wong wedok tuwa kere ." ujure malin.

"Dasar wedok tuwa ora ngerti awak, sembarang wae ngaku dadi simbokku." Banjur malin kundang nggetak.

Krungu ujure anak kandunge mangkono, si embok rumangsa sedih lan nesu. Dheweke ora ngira, anak sing didemenane banget ngowah anak seng durhaka.

"Oh tuhan sing Maha Kuwasa, nek dheweke yaiku bener anakku, aku nyuwun wenehono azab nang dheweke lan dadekno dheweke dadi watu." Sabdane si mbok

Ora suwe banjur angin lan udan deres banget karo bledek ngantem lan ngrusake kapal malin kundang. Sakwise kuwi, awake malin kundang kaku lan dadi watu sing nyiji karo karang.